

## **Zimbabwe: Project yemvura nezviwanikwa zvinoshandiswa neveruzhinji**

Project iyi iri kuitirwa mudunhu rekwaChivi muMasvingo, imwe yedzimwe nzvimbo dzinonaya mvura shoma muno muZimbabwe. Vagari vemtmzvimbo idzi vakatarisana nematambudziko akawanda anofanirwa kuongororwa nekugadziriswa. Matambudziko aya anosanganisa kusanaya zvakanaka kwemvura nekuomerwa nekufa kwezvirimwa zezvipfuyo mamwe makore. Mamwe matambudziko akatarisana nevarimi munzvimbo idzi ndeekushayiwa mukana wekukwereta mari yekushandisa kumabhangi, kushata kwemigwagwa inoshandiswa kutakura zvekurimisa nezvirimwa, kuva kure kwemisika yekutengesera zvirimwa, nekusaita zvakanaka kwezvirimwa zvacho. Mamwewo matambudziko anosanganisa kusashanda zvakanaka kwehutungamiri nemitemo, dambudziko rekusajeka kwemasimba pamusoro penzvimbo dzavanogara, kushaiwa kwavanoita simba pamusoro pemitengo yezvirimwa zvavo nekushomeka kweminda nemari. Mubvunzo taukuru unoti chii chningaitwa pakuderedza matambudziko aya nekusimudzira upenyu hwevagari vemunzvimbo idzi.

Kugadzirisa matambudziko aya :unoda kuisa misoro pamwe chete kutsvaga nzira nemazano akasiyana siyana okutti zviwanikwa, hutongi, ruzivo nezvimwewo zviru muvanhu zvangabatanidzwa nc mrongwa sei pakuderedza dambudziko rehurumho. Project iyi inofunga kuti mvura gdiyo iri pakatikati nepamwoyo wematambudziko ematunhu akaoma uye kuti mal:hsa ekuderedza matambudziko emvura anobatanidza kuchengetedzwa kwezvimwe zx iwanikwa zvole. Chinangwa cheproject ndechekutvag~ nzira dzokushandisa nekucheng :tedza mvura nezvimwe zviwanikwa zvole kuitira kuderedza dambudziko rehuron tbo. Ktmyange zvazvo project iyi ichiitirwa kwaMutang nekuRomwe chete zvinotarirwa kuti ruzivo rvmchawanikwa rwunogona kushandawo kudzimwe nzvimbo dzakaita saidzodzi.

Zvikamu zveproject nezvinotarirwa pazviri:

1. **Utongi, mitemo nehutungamiri:** Chinangwa chikuru apa ndechekuti utongi, mitemo nemabasa ehut ungamiriri aripo pari zvino pakuchengetedzwa kwezviwanikwa zvinoshandiswa neveruzhinji aongororwe zvakadzama kuitira kuti pabude kurudziro yokuti zvinhu zvingafambiswa sei.
2. **Ukama pakati pezviwanikwa zvakasiyana-siyana:** Chinangwa chikuru ndechokuongorora ukama huripo pamusoro pezviwanikwa zvakasiyana siyana · zvakaita sevhu, miti, rfiinda, nezvimwewo. Mushure mezvi panotevera ongoro o yekuti mashandisirwo ezviwanikwa izvi anofambidzano sei nekuwanikwa kana kushaikwa kwemvura pamwe chete negwara rokuderedza ufombo.
3. **Kutsvaga nzira dzingangosimudzirwa nadzo magariro evanhu:** Chinangwa ndechekuzeya nokuongorora nzira dzakasiyana-siyana dzingasimudzirwa nadzo upenyu namagariro evanhu.

**Zvimwe zvezvakawanikwa pamusoro penyaya yeutongi, mitemo nehutungamiri.**

1. Mitemo yekuti zviwanikwa zviru mumaruva ndezvehurumende here, kana kuti ndezveruzhinji pamwe chete here, kana kuti ndezvemunhu mumwe nemumwe here haina kunyatsojeka. Izvi zvakanakosha kuitira kuti pazivikanwe kuti ndiani anotarirwa kuita ehii pamusoro pezviwanikwa.
2. Kune mitemo yakawandisa inoti yehurumende yenyika, yehurumende dzematunhu kwozoita mitemo yedu yechinyakare. Hapaha gwara rakajeka rokuti mutemo upi unoshandiswa papi uye rini, pamwe patho zvichikonzera kusanzwisana nekukakavadzana.
3. Kusimbaradza utongi hwemzhinji pamusoro pekushandiswa nekuchengetedzwa kwezviwanikwa kuri kuenderera mberi asi vekunze vachine simba rakawandisa rokuti zvinhu zvifambiswe sezvavanoda. Vagari vemumamva vane simba shoma kwazvo rekuti zvinhu zvifambiswe sezvavanoda.

4. Vanhu vanoshandisa zviwanikwa zvakasiyana-siyana kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana nenzira dzakasiyana-siyana uye hapana mighanhu yekuti vashandisi veehiwanikwa ichi vamotangira apa vachiperera apa. Saka totara tumighanhu twakawanda twezviwanikw nevashandisi wazvo here kana kuti kwete, uye sei muehidaro? Mighanhu inofanirwa kuomeswa here kana kusiyiwa yakapfava?
5. Mighanhu yehusabhuku, ushe, neimwewo yehurumende dzematunhu haipindirani, saka ukama nekudyidzana pakuchengetedzwa nekushandiswa kwezviwanikwa zvingaumbwa sei?
6. Kune mabasa akawanda anoonekwa nevanhu vazhinji seekati koshei pane kupedza nguva yakawanda mukurangana kuti vangachengetedza sei zviwanikwa zviri musango. Saka todii? Kumanikidza vanhu kuti varangane nevamwe pakuchengetedza zviwanikwa kunonetsa. Tongoti kuparadzwa kwezviwanikwa chinhu chagara chichangoitika here nekuti vanhu vari kuwanda uye vagara vakaminidzika?
7. Vanhu vazhinji vanenge vari kuti utongi hwemadzishe namasabhuku husimbaradzwe asi vamwe vanoti vatungamiri ava vane nhafu, fevha nokuita chioko muhomwe. Saka hutungamiri hwakanaka hungavakwa sei?
8. Utongi hwemaproject matsva hwunotung amirwa nemakomiti anovhoterwa hwunoonekwawo sehwasina maturo dzimwe nguva. Vakaenda kumakosi vamwe vacho vanonzi vanotanga kudada, uye havadzidzisi vamwe zvavanenge vadziza, vamwe vacho havadi kubva pazvigaro uye vane fevha. Saka todii nenyaya yehutongi iyi? Ndiani ane mhosva vatungamiri here kana vatevedzeri, uye chingaitwa kuti zvinhu zvifambe zvakanaka?

**Pfungwa yekusimbaradzo utongi pakati pevagari vekwaChivi nekanzuru yavo**

*Gwara rakatevedmva:*

1. Misangano kumaruva
2. Kusangana neRDC
3. Mabatanidzwa wemusangano unosanganisa RDC nevagari vekumaruva
4. Maonero matsva pamusoro pohutongi pakati pekanzum nevanhu.

*Nzira itsva*

<b>Basa rinofanirwa kuitwa</b>	<b>Chidanho cheruzhinji</b>	<b>Chidanho cheKanzuru</b>
Kudzika mitemo, nemabumbiro emaproject	Kugadzira mitemo nemabumbiro acho	Kuongorora kuti zvingadyidzana sei nekusimbaradza
Kusunga nekuranga vanotyora mitemo	Kutsvaga maparisa, kuvaripa nekuti vasunge nhubu	Kuenzanisa kana paita kupokana, kudzidzisa mapurisa ezviwanikwa
Mari dzinoripwa	Kutara zvirango, kubhadharisa nekuchengetedza mari dzacho	Kuongorora kana zvakakodzera nekuti sviri kufambiswa zvakanaka here
Kushandiswa kwemari yacho	Kutara kuti inoshandiswa sei, nekugadzira urongwa hwekushandisa	Kupihwa mubairo uno£ambirana nekubatsira kwainoita, kuone kuti zviri kufambiswa zvakanaka here
Kutsvaga nekusimudzka mabasa eбудiriro	Kutsvaga mabasa acho nevangangopinda maari	Kuona kuti mabhuku akasiyana siyana ari kudyidzana zvakanaka here
Kugadziridza michina nezvimwe zvinenge zvafa	Kugadzira nekubhadhara	Kuone kuti zviri kuitwa namazvo here
Kugadzira urongwa hwekuti nzvimbo dzakasiyan siyana dzingashaniswa sei	Kugadzira maplan acho	Kubatsira, kuongorora nekusimbaradza

**Zvimwe zvidzidzo zvakabuda mubasa iri:**

1. Basa iri rakasimbaradzwa nevashandiri vekunze, uye richidhura, vari mukati vangariite vega here?
2. Hurongwa uhwu hwakatora nguva yakareba kubva kuvarimi avo vane mamwe mabasa akakosha okuita. Vanhu vaisazotaura nekazevezeve here kuti tiri kupedzerwa nguva? Vanoona hurongwa hwekugadzirisa utongi hwakakosha here?
3. Urongwa uhwu hwakafamba zvakanaka paDistrict nekuti pakawanikwa vakuru vepo vaizvifarirawo nekuzvisimbaradza. Kungasazova kupedza nguva here kuita urongwa uhwu kumadistrict anotungamirwa nevanhu vasina basa nazvo?
4. Padistrict ipapo panorakidza kuti pane vamwe vanoda kuti masimba evanhu asimbaradzwe pozoita vanoita kunge havadi? Saka zvingangozofamba zvakanaka here urongwa uhwu hukaenderera mberi?
5. Vabatsiri vakaita kuti urongwa uhwu huvepo vakaita gadziriro hombe kuti zvifambe, saka tingati urongwa hutsva hwakabuda ndehwevanhu here kana kuti ndehwevaongorori ivavo. Kana kuti pamwe tingati vakaita maonera pamwe saka ipfungwa inobatanidza mativi ose?
6. Mune ramangwana vagari vekumaruva vakaita sevoda kunyanya kuziva kanzuru haizovaturiki mutoro wakakura here sekuti vabhadhare ruzivo rwavanopiwa nevarimisi nezvimwewo zvinoitwa

nekanzum nehummende pari zvino.